

1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 2, 101-200

PALE


Timoun aprann lang epi lòt aprann kapasite pou li ak ekri nan tande moun majè k ap pale. Pandan timoun yo ap tande lang k ap pale, yo aprann nouvo mo epi kisa mo yo vle di pandan y ap akeri konesans jeneral sou anviwònman yo. Konesans sa ap ede timoun yo konprann siyifikasyon sa yo li a.

Liv Ki Sipòte Konvèzasyon:

- Liv ak imaj ki pa gen mo yo
- Liv ki ankouraje pou poze kesyon
- Liv ki gen fraz ki repete



Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Ou fèk li 200 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.



Lee County
Library System

www.leelibrary.net/prek

(239) 479-INFO (4636)

#leelibrary

Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

Pale sou Manje. Pandan w ap prepare yon repa, envite timoun ou an pou l ede w. Pale sou sa w ap fè a, kòman ou fè l oubyen manje a w ap prepare a (non, koulè, jan l ye, gou oubyen ki kote l soti).

Di m plis. Elabore sou sa timoun ou di. Pa egzanp, si timoun ou lonje dwèt sou yon flè, reponn: "Wi sa se yon flè. Kalte flè sa rele woz. Woz kapab wouj, jòn, blan oubyen woz."

Pataje rim gadri yo ansanm. Di yo vit epi di yo dousman. Timoun yo pral kòmanse jwe epi tande ti son nan mo yo, sa ki ka kontwi konsyans fonolojik yo.

Ale mache nan lanati nan pak lokal ou a. Pale ak pitit ou a sou non zannimo ak plant ou wè. Tcheke libreri ou pou liv sou plant endijenis yo ak zannimo ki nan zòn ou a.

Pataje istwa pèsonèl ou yo. Pale ak timoun ou sou kòman sa te ye lè ou te timoun ou menm. Èske w ou gen kèk istwa komik pou rakonte? Mande yo kesyon ki louvri sou sa ou pataje ak yo.

Konsèy pou lè ou okipe: Lonje dwèt sou siy yo, etikèt ak logo yo pandan ou menm ak timoun ou kontinye fè sa n ap fe pandan jounen an. Pale sou kisa diferan siy yo reprezante pou ede timoun ou an konsyan de mo yo ak senbòl yo ki ozalantou yo.

5 liv prefere m yo:

